

2021 PWOGRAM POU SEKIRITE KOMINOTE YO GID

Fondasyon Miami an kolabore avèk plis pase 1,000 moun ki gen lajan k ap chèche investi nan kominote Miami yo. Pami sa yo, nou jere [de fon enterè](#) enterè ak Biwo Pwokirè Leta a pou 11yèm Awondisman Jidisyè nan Florid: Denise Moon Memorial Fund la ak Fon pou sekirite ak sante Kominote an. Aprann plis bagay sou fon sa yo nan paj 10 dokiman sa a.

Pou pi vyen investi resous kominotè sa yo, Pwogram Pwokirè Leta a pou sekirite Kominote yo se kounye a yon pwogram sibvansyon konplè. Pwogram nan pral pouswiv misyon Fon yo ki se asire ke Miami se yon kominote ki an sekirite e ki ofri opòtinite pou tout rezidan yo. Nou envite ou revize gid yo, objektif yo, ak repons kesyon ou yo (FAQ) nan fen dokiman sa a pou plis enfòmasyon. Nou akeyi fidbak ou, epi nou paka tann pou nou travay ak aprann ansanm.

OBJEKTIF PWOGRAM LA

Pwogram Pou Sekirite Kominote yo ap fè efò pou asire sekirite ak opòtinite pou tout rezidan Miami nan investi nan edikasyon ak mobilite ekonomik; sèvis sante pou simonte depandans sibstans, ak aksyon kolektif pou amelyore sekirite kominote a. Fon an patikilyèman konsantre sou sipòte sivivan trafik moun, vyolans zam, ak lòt krim, ak moun ki te gentan gen dosye jidisyè.

KATEGORI FINANSMAN

Pwogram Pou Sekirite Kominote yo ap investi \$ 600,000 nan senk kategori ki anba yo. Nou chache kreye, amelyore, ak elaji yon pwogram efikas k ap reyalize bon rezilta pou rezidan yo. Deskripsyon yo fèt sèlman pou gide w epi yo pa eskli lòt apwòch. Organizasyon ki kalifye yo ka soumèt yon sèl aplikasyon pou yon sèl kategori. Pwopozisyon pou chak kategori ap konsidere menm jan.

- **Prevansyon krim: Bati yon kominote an sekirite ki ofri opòtinite pou tout moun** pa mobilize rezidan yo pou amelyore sekirite nan kominote a epitou investi nan mobilite ekonomik ak edikasyon * pou devlope altènativ pou aktivite ilegal, patikilyèman pou moun ki te deja nan prizon oswa ki gen dosye jidisyè. Li ka gen ladan fòmasyon travay oswa pwogram plasman ak pwogram edikasyon sou sibstans ilegal yo pou anpeche moun kondwi sou enfliyan alkol ak dwòg.
- **Trafik Moun: Sipòte minè oswa granmoun ki sivivan trafik moun** nan sèvis kalite siperyè tankou swen sante, tretman abi dwòg, sèvis sante mantal, lojman, sèvis imigrasyon oswa lòt bezwen kritik.

- **Sèvis pou ede kont abi sibstans: Gide moun pou yo simonte depandans oswa abi alkòl ak dwòg** nan bay sèvis ki ka gen ladan konsèy ak tretman sou abi sibstans, sèvis sante mantal, oswa sipò pou devlope detèminasyon pèsònèl.
- **Asistans pou Sivivan: Ede sivivan yo ak moun yo renmen yo pou yo simonte** defi finansye, sante, oswa lòt defi yo fè fas a rezilta viktim vyolans ak zam oswa lòt krim. Sa ka gen ladanl asistans edikasyon *.
- **Devlopman jèn yo: Prepare jèn yo pou yo atenn tout potansyèl yo avèk siksè nan akademik, karyè, ak lavi** nan sipòte jèn ke lavi oswa anviwònman mete yo nan risk pou yo patisipe nan krim oswa vyolans. Sa ka gen ladan l konsèy, sipò edikasyon, travay ak preparasyon pou karyè, oswa devlopman pèsònèl.

** Asistans edikasyon ka gen ladan bous detid. Aplikan ki pwopoze bay asistans finansye dirèk oswa bous detid yo dwe montre yo gen eksperyans ak sistèm efikas pou yo bay ak kontwole asistans sa yo. Yo dwe gen tou sèvis ke yo ka evalye bezwen sèvis jeneral yon moun epi yo ka swiv rezilta asistans la dirèkteman.*

KALIFIKASYON

Aplikan ki kalifye yo se ONG ki gen yon estati aktif 501 (c) (3) kòm yon charite piblik oswa pwojè ki gen yon patwone fiskal etabli ki gen menm estati sa a. Yo ta dwe gen yon dosye nan bay bon jan kalite pwogram ki reflekte zòn yo deklare oswa ki montre potansyèl pou devlopman yo.

Travay yo pwopoze a dwe sèvi rezidan Konte Miami-Dade yo. Menm si ke nou pral bay plis envesti nan ONG ki baze nan Greater Miami, nou ankouraje patenarya ak gwoup andeyò kominote nou an ki pote lide yo ak kapasite yo. Si ou gen yon sibvansyon aktyèl atravè nenpòt pwogram Fondasyon, ou dwe an konfòmite avèk sibvansyon sa a pou aplike.

Chak ONG ka soumèt yon sèl pwopozisyon. Nou ankouraje kolaborasyon - efò kolaborasyon ant de oswa plis ONG, patnè yo ta dwe chwazi yon ONG pou sèvi kòm lidè aplikasyon an . Nenpòt lajan ki akòde yo dwe itilize pou yon sèl objektif pou travay patenarya a, epi lidè aplikasyon an ap responsab pou jere nenpòt lajan ki akòde sou non patnè yo. Kolèj ak inivèsite ka soumèt jiska twa pwopozisyon, epi chak pwopozisyon yo ta dwe soti nan diferan depatman oswa kolèj.

MONTAN SIBVANSYON AK ITILIZASYON FON

Tout sibvansyon yo se yon sibvansyon sipò pou yon ane. Kantite lajan sibvansyon yo ka varye ant \$10,000 a \$ 30,000. Lajan sibvansyon yo dwe itilize sèlman pou depans ki gen rapò ak mete ann aplikasyon travay yo pwopoze a. Aplikan yo ta dwe itilize seksyon finansye a pou eksplike kijan bidjè yo pwopoze a aliyen ak objektif ak travay pwopoze yo. Lajan sibvansyon an pa dwe itilize pou ranplase

lajan pou pozisyon ak pwogram ki egziste deja - sa vle di, diminye lajan pou pozisyon oswa aktivite ki egziste deja epi kouvri yo ak sibvansyon sa a pito.

Anplwaye Fondasyon yo pral evalye pwopozisyon yo sou baz bon jan kalite travay ak enpak, fòs operasyonèl, ki aliye ak objektif pwogram sa.

Nou ankouraje yon tout kalite apwòch nan kategori finansman ki gen ladan sèvis dirèk, òganizasyon kominotè, patenarya, ak lòt jan ki apwopriye ak misyon ou ak vizyon ou.

PWOSESIS APLIKASYON AN

Tanpri sonje ke platfòm pou soumèt aplikasyon an diferan de platfòm sibvansyon anvan yo. Kounye a, Chak aplikan pral soumèt pwopozisyon yo nan platfòm Fondasyon an ([klike isit la jwenn aksè oswa ale nan themiamifoundation.submittable.com/submit](https://themiamifoundation.submittable.com/submit)). Tanpri enskri ak yon kont ki egziste deja oswa kreye yon kont gratis ak yon non ak adrès imèl.

Tout aplikan ki kalifye yo ka soumèt yon sèl aplikasyon nan yon sèl kategori. Tout kesyon aplikasyon yo pataje sou paj sa.

DELE

- Dat RFP a ap sou sit la : 30 Out 2021
- Denye dat pou Pwopozisyon yo: 28 Septanm 2021
- Estimasyon notifikasyon prim pou sibvansyon: Semèn 15 Novanm 2021
- Peryòd sibvansyon an: 1 Janvyè 2022 jiska 31 Desanm 2022

ORE BIWO A

Nou ankouraje tout òganizasyon k ap konsidere yon pwopozisyon, espesyalman aplikan pou premye fwa, pou yo enskri pou yon reyinyon 20 minit si ou vle ak anplwaye Fondasyon an pou aprann plis sou opòtinite finansman an, pataje travay yo epi diskite nenpòt kesyon yo ka genyen. [Klike la a pou pran randevou via Calendly.](#)

Pou kesyon, tanpri kontakte:

Valerie Crum, Responsab Pwogram la | Imèl: vcrum@miamifoundation.org

PWOGRAM POU SEKIRITE KOMINOTE YO : KESYON SOU APLIKASYON AN

Kesyon pou Aplikasyon an

1. **Entwodiksyon:** Rezime travay wap pwopoze a ak objektif la nan yon sèl fraz. (75 mo)
2. **Rezime òganizasyon:** Rezime misyon òganizasyon w lan ak pwogram prensipal yo. (125 mo)
3. **Deklarasyon Bezwen:** Ki objektif travay ou pwopoze a? Dekri bezwen kominote lokal la oswa opòtinite ou planifye pou adrese a. (200 mo)
4. **Aplikasyon:** Ki plan travay ou? Dekri aktivite pwogram lan ak delè. (450 mo)
Mezi Aktivite yo: Bay jiska 3 aktivite prensipal ou pral fè nan travay sa a. Pou chak, endike objektif ou vize (sètadi, chak semèn oswa chak mwa) ak / oswa rive kantite moun wap ede. (150 mo)
5. **Angajman:** Ki moun ou pral sèvi? Dekri popilasyon an (yo), katye a, ak estrateji prensipal pou enkouraje yo nan travay ou pwopoze a. (300 mo)
6. **Evalyasyon:** Ki objektif ou pou travay ou pwopoze a? Dekri amelyorasyon ki mezirab ki pral kreye rezilta pou moun yo ak ki jan ou pral konnen ou ap fè pwogrè. (250 mo)
Mezi Rezilta a: Bay jiska 3 rezilta prensipal ou pral mezire pou montre enpak travay sa a. Pou chak, endike objektif ou vize (sètadi, ki pousantaj patisipan yo pral reyalize yon rezilta ou vize a) ak ki jan ou ta mezire rezilta yo. (150 mo)
7. **Kalifikasyon ak patenarya:** Dekri kijan òganizasyon ou an byen pozisyon pou aplike travay ou pwopoze a, tankou patenarya enpòtan ou genyen, travay ou fè deja, ak ekspètiz anplwaye ou yo. (250 mo)
8. **Sipò pou egalite:** Kijan travay òganizasyon w lan ap sipòte egalite moun ak kominote ki te istorikman majinalize? (150 mo)
9. **Finansman:** Kouman ou pral itilize fon yo pou ou sipòte òganizasyon ou ak objektif pwogram ou a? Itilize espas sa a pou pataje kijan bidjè pwojè a aliye ak travay ou pwopoze a. (150 mo)
10. **Enfòmasyon sipleman:** (si ou vle) Èske gen lòt bagay ou ta renmen pataje sou òganizasyon ou an oswa travay ou pwopoze a? Sa a ka gen ladan detay sou objektif alontèm, anekdot nan travay ou fè deja ki gen rapò, oswa enpak COVID-19 sou travay ou. (150 mo)

LOT ENFOMASYON

- **Profil òganizasyon:** Aplikan yo ap bay enfòmasyon kontak, bidjè, ak enfòmasyon kantite anplwaye yo. Y ap gen opsyon pou bay enfòmasyon sou divèsite, ekite, ak enklizyon sou lidèchip egzekitif, ak manm konsèy. Enfòmasyon sa a pral ede Fondasyon an aprann sou divèsite ak ekite nan pratik finansman nou yo.
- **Enfòmasyon sou kote wap Pwogram la:** Chwazi jiska senk (5) kominote ki pi byen reflete swa kote prensipal kote travay ou ap fèt oswa rezidan ou sèvi nan Miami.

Atachman obligatwa (Tanpri bay nan fòm PDF.)

- Ranpli **Fòm Bidjè Pwopozisyon an** ([klike pou telechaje](#))
- Bidjè anyèl opere òganizasyon an pou ane fiskal aktyèl la
- Lis Direktè aktyèl yo nan òganizasyon ou an
- (Si ou vle) Enfòmasyon Sipleman: Pataje nenpòt lòt materyèl ou ta renmen ajoute pou pi byen esplike òganizasyon ou ak travay ou pwopoze yo. Sa ka gen ladan imaj, videyo, lèt sipò, oswa medya.

Tanpri gade paj sa a pou nenpòt Kesyon ou genyen.

PWOGRAM POU SEKIRITE KOMINOTE YO : KESYON SOU APLIKASYON AN

SOU PWOGRAM LAN

Ki kote finansman Pwogram Sekirite Kominote yo soti?

Fondasyon Miami an kolabore avèk plis pase 1,000 moun ki gen lajan k ap chèche envesti nan kominote Miami a. Pami sa yo, nou jere [de fon enterè](#) yo mete kanpe ak Biwo Pwokirè Leta a pou 11yèm Awondisman Jidisyè nan Florid: Denise Moon Memorial Fund la ak Pwogram Pou sekirite Kominote yo . Kontribisyon charitab tou de Fon yo soti sitou de defandan kriminel nan moman santans yo oswa eleksyon pou yo patisipe nan [pwogram reyabilitasyon pre-ijman](#). Lajan sa yo ap sipòte Pwogram Pou Sekirite Kominote yo epi pwodwi \$ 600,000 nou planifye pou bay ane sa a.

Ki jan pwogram sa a diferan pase opòtinite sibvansyon anvan yo?

Pwogram Kominote Safe yo mete ansanm de pwogram sibvansyon ki deja separe, Denise Moon Memorial Fund ak Pwogram Sekirite ak Sante Kominote yo (SASH), atravè yon bi pataje pou asire sekirite ak opòtinite pou tout rezidan Miami. Pwogram pou Sekirite Kominote yo konsantre misyon sou tou de pwogram sibvansyon anvan yo. Pou plis kontèks, tanpri revize ansyen patnè [fon Denise Moon Memorial](#) ak ansyen [patnè Pwogram SASH](#) isit la. Fondasyon Miami an ap kontinye chwazi ak bay tout sibvansyon yo.

Ki òganizasyon ki kalifye pou aplike?

Aplikan ki kalifye yo se ONG ki gen yon estati aktif 501 (c) (3) kòm yon charite piblik oswa pwojè ki gen yon patwone fiskal etabli ki gen menm estati sa a. Travay yo pwopoze a dwe sèvi sitou rezidan Konte Miami-Dade yo. ONG ou pa bezwen gen biwo santral li nan Konte Miami-Dade, men nou ankouraje òganizasyon ki baze lòt kote pou kolabore ak patnè lokal yo pou yo ka pi efikas.

Konbyen pwopozisyon mwen ka soumèt?

Tout ONG ki kalifye yo ka soumèt yon (1) pwopozisyon. Pwopozisyon sa a dwe soumèt nan yon sèl (1) kategori. Sèl eksepsyon yo se kolèj ak inivèsite, ki ka soumèt jiska twa pwopozisyon de diferan depatman oswa kolèj.

Ki kalite travay ak finansman nou pral konsidere?

Nou ankouraje yon tout kalite apwòch nan kategori finansman ki gen ladan sèvis dirèk, òganizasyon kominotè, patenarya, ak lòt jan ki apwopriye ak misyon ou ak vizyon ou.

Tout sibvansyon nan Pwogram pou Sekirite Kominote yo pral se lajan pou sipò pwogram la, sa ki vle di Lajan sibvansyon yo dwe itilize sèlman pou depans ki gen rapò ak mete ann aplikasyon travay yo pwopoze a. Lajan sibvansyon an pa dwe itilize pou ranplase lajan pou pozisyon ak pwogram ki egziste deja.

DETAY SOU APLIKASYON AK SIBVANSYON

Kouman pou mwen soumèt pwopozisyon mwen an nan platfòm la?

Tanpri sonje ke pwosesis pou soumèt pwopozisyon yo chanje. Tout pwopozisyon yo pral kounye a dwe soumèt sou entènèt [nan platfòm Fondasyon an \(themiamifoundation.submittable.com/submit\)](https://themiamifoundation.submittable.com/submit). Tanpri chwazi fòm "Pwopozisyon Pwogram Kominote Safe yo". Chak aplikan pral enskri ak yon kont ki egziste deja oswa kreye yon kont gratis ak yon non ak adrès imèl. **Si ou bezwen sipò teknik, tanpri vizite [Sant Èd Soumèt la](#).**

Platfòm lan pèmèt aplikan yo konsève pwogrè yo epi retounen pita, kidonk, ou pa pral bezwen ranpli pwopozisyon an nan yon sèl chita.

Kouman pou mwen konnen nan ki kategori finansman òganizasyon mwen an ta dwe aplike?

Tanpri aplike nan kategori finansman ki aliyen avèk objektif travay ou pwopoze ou yo. Pwopozisyon nan chak kategori ap konsidere menm jan. Si yon pwopozisyon soumèt ta pi konpetitif nan yon kategori diferan, Fondasyon an ap rekategorize li. Sa a se yon bon kesyon pou poze nan reyinyon ak ekip Fondasyon an - [tanpri klike isit la pou pran randevou nan Calendly](#).

Èske mwen ka korije pwopozisyon mwen apre mwen fin soumèt?

Wi, anvan dat pwopozisyon an, ou ka modifiye pwopozisyon ou an. Tanpri kontakte Valerie Crum (vcrum@miamifoundation.org) pou louvri pwopozisyon ou soumèt la pou koreksyon sou platfòm la. Apre dat delè pwopozisyon an, nenpòt chanjman ou ta mande pral depann de ka pou chanjman an ak nan ki kote yo gentan rive nan pwosesis seleksyon an.

Poukisa Fondasyon an mande enfòmasyon Divèsite, Ekite, ak Enklizyon (DEI)?

Ekite se yon valè fondamantal Fondasyon an. Nou fè efò pou nou toujou aprann ak amelyore pratik nou yo pou yo reflekte ekite. Nou pral sèvi ak enfòmasyon DEI a pou avanse konpreyansyon nou sou kiyès nou ye e ki pa rive sevi nan modèl finansman nou yo, ak divèsite an jeneral nan sektè ONG Miami yo. Nou mande pou enfòmasyon sou lidè egzekitif ou, lidèchip ansyen (nivo direktè ak pi wo a) ak manm konsèy paske yo gen tandans enfluyans siyifikativman direksyon òganizasyon an. Nou espere ke li pral tou ede ONG yo egzaminen ki jan divèsite, ekite ak enklizyon yo reflekte nan òganizasyon yo.

Pwopozisyon an tou envite ou pataje ki jan travay ou reflekte yon angajman nan ekite nan moun ki te istorikman majinalize. Enfòmasyon DEI a pral ede nou konprann ki moun ki ap dirije misyon ou ak direksyon ou. Pandan ke nou ankouraje w bay enfòmasyon sa a yo pou ou pataje kontèks sou travay ou, nou bay yon opsyon pou ou pa patisipe pou premye ane koleksyon done sa a.

Ki pwosesis revizyon ak seleksyon an?

Anplwaye Fondasyon yo pral evalye pwopozisyon yo sou baz bon jan kalite travay ak enpak, fòs operasyonèl, ki aliye ak objektif pwogram sa. Fondasyon an pral konsilte yon Komite Konsiltatif ki gen ladan anplwaye ki soti nan Biwo Pwokirè Leta a ki gen ekspètiz nan matyè a. Apre sa, Fondasyon an pral prani desizyon final yo.

Ki peryòd sibvansyon an?

Tout sibvansyon yo se yon sibvansyon sipò pou yon ane kap kòmanse 1 janvye 2022, epi ki fini 31 desanm 2022.

Si òganizasyon mwen an resevwa yon sibvansyon, ki pwosesis pou rapò yo?

Pwogram Pou Sekirite Kominote yo ap mande de rapò: yon rapò pwovizwa, 6-mwa "aktyalizasyon" ki pou pataje nan yon konvèsasyon ak anplwaye Fondasyon ak yon rapò final ekri yo dwe soumèt nan fen peryòd sibvansyon an. Fondasyon an ap pataje kesyon rapò ak patnè yo omwen yon mwa davans.

KALIFIKASYON

Èske òganizasyon mwen an bezwen yon sèten dimansyon pou aplike?

Non. Nou aksepte aplikasyon ki soti nan òganizasyon tout gwosè ki genyen kritè kalifikasyon nou yo ak ki ap travay nan direksyon objektif nan direktiv pwogram la.

Mwen se yon kolèj oswa inivèsite. Èske mwen ka aplike?

Wi. Kolèj ak inivèsite yo kalifye pou aplike nan Pwogram Pou Sekirite Kominote yo. Ou ka soumèt jiska twa pwopozisyon epi yo chak ta dwe soti nan yon depatman diferan oswa kolèj.

Mwen se yon legliz oswa òganizasyon ki baze sou lafwa. Èske mwen ka aplike?

Wi. Nou aksepte aplikasyon ki soti nan òganizasyon ki baze sou lafwa ki genyen pwogram, sèvis, oswa aktivite pou kominote a ki aliye ak direktiv nou yo. Sepandan, nou pa finanse travay ki konsantre sou pweche kwayans relijye patikilye oswa ki limite a sèvi manm nan òganizasyon yo a.

Èske mwen ka aplike an patenarya ak yon lòt òganizasyon?

Wi! Nou ankouraje ak aksepte kolaborasyon. Patnè yo ta dwe chwazi yon sèl ONG pou sèvi kòm lidè aplikasyon an. ONG sa pa ka soumèt yon aplikasyon endividyèl apa. Nenpòt finansman ki bay lidè aplikasyon an ap responsab pou jere li sou non tout patnè yo.

Èske mwen ka aplike pou menm pwogram mwen te aplike deja, oswa yo te finanse'm deja, nan ane ki sot pase a?

Wi! Nou ankouraje tout aplikan anvan yo ki gen travay ki aliye ak objektif pou aplike nan Pwogram Pou Sekirite Kominote yo, kèlkeswa rezilta finansman anvan yo.

Mwen gen yon sibvansyon aktyèl atravè yon lòt pwogram Fondasyon. Èske mwen ka toujou aplike?

Wi. Nou pa limite ONG pou resevwa finansman nan men yon sèl pwogram. Ou ka aplike nan Pwogram Sekirite Kominote yo depi ou an bon pozisyon ak lòt sibvansyon ou ye kounye a- tanpri tcheke avèk kontak sibvansyon ou an si ou gen nenpòt kesyon.

Èske pwogram mwen an oswa apwòch mwen bezwen "nouvo" oswa "egziste deja" pou aplike?

Non. Pwogram Kominote Pou Sekirite Kominote yo ap sipòte tou de, nouvo ak travay ki deja egziste. Depi li ap chache soutni, grandi, oswa kòmanse travay nan kominotè ki gen menm objektif avansman nou yo.

Kouman pou mwen kontakte ekip fondasyon an si mwen gen plis kesyon?

Nou ankouraje tout òganizasyon k ap konsidere yon pwopozisyon, espesyalman aplikan pou premye fwa, pou yo enskri pou yon reyinyon 20 minit si ou vle ak anplwaye Fondasyon an pou aprann plis sou opòtinite finansman an, pataje travay yo epi diskite nenpòt kesyon yo ka genyen. [Klike la a pou pran randevou via Calendly.](#)

Si, apre ou fin revize direktiv yo, [pai entènèt pwogram lan](#), ak FAQ sa a an plen, ou toujou gen kesyon, tanpri kontakte Valerie Crum, Resposab Pwogram lan, nan vcrum@miamifoundation.org.

ENFOMASYON SOU FONDASYON MIAMI AN

Fondasyon Miami kreye baz filantwopik, sivik ak lidèchip pou kominote Miami an. Depi 1967, Fondasyon an envesti \$ 485 milyon dola pou ranfòse kominote nou an avèk patenarya ak kontribisyon ki soti de plis pase 1,000 fon ak 35,000 donatè. Fondasyon Miami an, ki jere kounye a plis pase \$ 350 milyon nan byen, donatè, ONG, lidè, ak moun nan kominote yo pou bati yon vizyon pou avni kominote nou an ak envesti nan yon Miami k ap pi fò, pi ekita, pi rezistan.

ENFOMASYON PWOGRAM KOMINOTE SEKIRITE PWOKIRE LETA A

Fondasyon Miami an kolabore avèk plis pase 1,000 moun ki gen lajan k ap chèche envesti nan kominote Miami a. Pami sa yo, nou jere [de fon enterè](#) yo mete kanpe ak Biwo Pwokirè Leta a pou 11yèm Awondisman Jidisyè nan Florid: Denise Moon Memorial Fund la ak Pwogram Pou sekirite Kominote yo . Apati 2021, fon sa yo ap sipòte Pwogram pou sekirite Kominote yo, yon pwogram sibvansyon k ap akeyi pwopozisyon tout ONG ki kalifye, k ap sèvi Konte Miami-Dade .

Fondasyon Miami a aji kòm yon pati ekstèn, endepandan ki kenbe gouvènans ak jesyon Fon yo ki gen ladan sipèvizyon finansye, pwosedi sibvansyon konpetitif, ak seleksyon sibvansyon ki aliye ak objektif charitab Fon yo.

ENFOMASYON SOU FON YO

Fon Denise Moon Memorial an

Denise Moon Memorial Fund ap chèche amelyore ak asire sekirite kominotè ak jistis sosyal epi ankouraje opòtinite, divèsite, ak sivilite. Grantmaking sipòte efò ki ede viktim krim, diminye efè krim nan kominote nou an, ankouraje opòtinite pou fòmasyon ak plasman nan travay, elaji pwogrè edikasyon ak bous detid, ak lòt efò ki bay altènativ pou aktivite kriminèl yo. Kontribisyon charitab Fon an soti sitou de defandan kriminèl nan moman santans yo oswa eleksyon yo pou yo patisipe nan [pwogram reyabilitasyon pre-ijiman](#).

Pwokirè Leta Katherine Fernandez Rundle mete kanpe Denise Moon Memorial Fund an 2009 nan memwa ak onè Denise M. Moon, ki mouri nan lane 2004. Li te travay pou twa deseni kòm yon lidè ak defansè pou sèvis viktim nan Miami, yon rezolisyon ki sipòte mouvman viktim krim yo, epi kite yon eritaj solid ki kontinye jodi a.

Denise Moon te komanse an 1974 kòm premye travayè sosyal nan Sant Tretman Kadejak nan Lopital Jackson Memorial / Klinik Entèvansyon Kriz. Li kontinye sèvi kòm direktè Asistans Viktim SAO a epi ede òganize yon Sant espesyal pou Timoun pou entèvyou timoun ki viktim ak temwen, premye sant vyolans domestik ki baze nan pwoskitè nan Florid, ak tribinal vyolans domestik.

Li te kreye yon plan pou finanse Rezo Aksè Viktim yo, yon sistèm konplè, otomatik notifikasyon ak enfòmasyon pou viktim yo, li te sèvi nan Komisyon Konsèy Rezo Florid Sèvis Temwen Viktim yo, kòm Prezidan.



Fon ki pi an sekirite ak pi an sante kominote yo

Fon Pou Sekirite ak Sante Kominote yo ap chèche sipòte travay ki anpeche abi sibstans ak kondwi sou enfliyans alkol ak dwòg, ak pwogram ki ede sivivan nan trafik moun ki bezwen tretman ak konsèy sou abi sibstans depi 2013. Kontribisyon charitab nan Fon an soti sitou nan defandan ki chaje avèk kondwi sou enfliyans alkol ak dwòg (DUI) ki chwazi pou patisipe nan [Pwogram Reyabilitasyon Back-On-Track la](#).